

PAJ ENFÒMASYON PWOJÈ KONSTRIKSYON

DEPATMAN TRANSPOTASYON NAN FLORID



State Road (SR) 916/NW/NE 135 soti nan NW 2 Avenue pou rive nan

NE 17 Avenue/Tressler Street

Nimewo Idantifikasyon pwojè a: 429346-4-52-01

GID FDOT

FDOT pran angajman pou li asire enfastrikti Eta a sèvi abitan, biznis, ak vizitè pou reponn a bezwen yo genyen nan kesyon transpò kounye a epi pi devan. Men kèk nan pwèn kle yo: pwoteksyon moun, rezistans, chèn livrezon, teknoloji, ak devlopman mendèv. Men avantaj pwojè sa a:

KOMINOTE

- Ajoute amelyorasyon jaden flè nan mitan wout ki akote limit pwojè a

REZISTANS

- Enstale ekipman irigasyon pou konekte avèk sistèm aktyèl la

DEVLOPMAN MENDÈV

- Pwojè sa a kreye opòtinite pou kontraktè yo, sa ki bay benefis ekonomik pozitif pou travayè yo ak kominote a

ENFÒMASYON SOU WOUT KAP FÈMEN YO

Liy vwayaj ak twotwa yo pral fèmen pandan lè ki pa gen blokis nan jou ki pa gen evènman yo. Orè lè sa yo se:

- **Nan direksyon lès:**
 - 10:30 a.m. jiska 8:30 p.m., nan limit zòn lekòl la
 - 10:30 a.m. jiska 2:15 p.m. 4:15 p.m. jiska 8:30 p.m., pandan zòn lekòl la aktif.
- **Nan direksyon lwès:**
 - 5 a.m. jiska 3 p.m., nan limit zòn lekòl la
 - 5 a.m. jiska 6:45 p.m. 9:15 a.m. jiska 2:15 p.m., pandan zòn lekòl la aktif.

Aksè pou biznis ak rezidans yo ap rete disponib. Enfòmasyon sou wout kap fèmen ap afiche chak semèn sou sit entènèt depatman an, www.southflroads.com.



MEN SA NOU DWE ATANN

Y ap fè travay yo etap pa etap pou sa pa twò deranje moun nan zòn nan. Wout kap fèmen tanporè yo ka afekte trafik la pandan lè ki pa gen anpil blokis ak jou ki pa gen evènman yo. Y ap afiche siy ki byen klè tout lòt wout pou machin pase. Y ap kite wout pou moun ki antre soti nan pwopriete ki nan zòn nan.

ORÈ

Out 2025 - Prentan 2028

PRI KONSTRIKSYON AN

\$1.3 milyon

ZÒN PWOJE YO

Vil North Miami
Konti Miami-Dade

Avi: Li posib pou dat yo chanje.

TOUJOU METE SEKIRITE AN

PREMYE

Pou sekirite ou ak sekirite lòt moun, tanpri pran prekosyon lè ou ap kondwi machin, lè ou ap mache osinon lè ou ap pase sou bekan nan zòn konstrikasyon yo. Pou nouvell sou sikilasyon, al sou: www.fl511.com.

KONTAKTE

Espesyalis Kontak Kominote Konsiltan FDOT

Aliyah Gomez | Aliyah.Gomez@dot.state.fl.us | 786-774-9714

SWIV NOU

MyFDOT_Miami

MyFDOTMiami

SOUTHFLROADS.COM

Eskane kòd QR sa a pou dènye nouvell sou pwojè a.

